

**PWOGRAM ÈD MANJE ANNIJANS [EMERGENCY FOOD ASSISTANCE PROGRAM (TEFAP)]
SÈTIFIKA KALIFIKASYON POU POTE MANJE LAKAY OU
7 CFR 251**

Non: _____
Adrès: _____

Kantite Moun ki Nan Kay la: _____

Konte _____

Enfòmasyon ki endike anba la a montre yon revni anvan dediksyon chak ane pou kantite moun ki nan chak fanmi. Si revni moun lakay ou nan oswa anba revni ki endike pou kantite moun lakay ou, ou kalifye pou resevwa manje a. **Tablo ki anba la a anvigè apati 1ye Jiyè 2018 jiska 30 jwen 2019.**

Kantite Moun ki nan Kay la	Revni Chak Ane	Revni pa Mwa	De Fwa pa Mwa	Chak de (2) Semèn	Revni pa Semenn
1	\$15,782	\$1,316	\$658	\$607	\$304
2	\$21,398	\$1,784	\$892	\$823	\$412
3	\$27,014	\$2,252	\$1,126	\$1,039	\$520
4	\$32,630	\$2,720	\$1,360	\$1,255	\$628
5	\$38,246	\$3,188	\$1,594	\$1,471	\$736
6	\$43,862	\$3,656	\$1,828	\$1,687	\$844
7	\$49,478	\$4,124	\$2,062	\$1,903	\$952
8	\$55,094	\$4,592	\$2,296	\$2,119	\$1,060
Pou chak manm fanmi sipleman, ajoute:	\$5,616	\$468	\$234	\$216	\$108

Tablo a bay detay sou kritè pou kalifye pou revni pa mwa ou, revni ou resevwa de fwa pa mw (24 pèman chak ane), revni ou resevwa chak de (2) semèn (26 pèman pa ane) ak revni ou resevwa chak semèn.

Ou kalifye pou resevwa manje nan TEFAP si moun lakay ou satisfè gid revni ki endike anwo a oswa si yo patisipe nan nenpòt pwogram ki endike anba la yo: Tanpri mete yon tchèk-mak nan espas ki toupre kategori ki aplike pou ou.

- _____ Kalifikasyon dapre revni
- _____ Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (SNAP) [Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)] [oswa Food Stamps (kupon pou achte manje)]
- _____ Èd Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite [Temporary Assistance for Needy Families (TANF)]
- _____ Revni Sekirite Sipleman (SSI) [Supplemental Security Income (SSI)]
- _____ Medicaid

Tanpri li deklarasyon ki anba la a avèk anpil atansyon epi answit siyen fòm nan epi ekri dat jodi a. Ou sèlman bezwen satisfè youn nan kondisyon sa yo pou ou kalifye pou resevwa manje USDA.

Mwen konfime revni moun lakay mwen anvan dediksyon pa ane nan oswa anba revni ki endike sou fòm sa a pou kay yo ki gen menm kantite moun OSWA mwen patisipe nan pwogram (yo) mwen koche kaz pou yo sou fòm sa a. Mwen konfime tou apati jodi, m ap viv nan Eta Florida. Mwen soumèt sètifika sa a anrapò avèk èd federal m ap resevwa. Ofisyèl pwogram nan ka verifye sa mwen konfime ki vrè a. Mwen rekonèt si mwen bay yon fo sètifika sa ka lakòz yo fè mwen peye ajans Eta a pou valè manje yo te ban mwen yon fason ki pa t kòrèk epitou mwen ka tonbe anba pouswit nan lajistis sivil oswa kriminel dapre lwa Eta a oswa lwa federal.

_____ Siyati

_____ Dat la

SÈTIFIKA SA A VALAB POU YON PERYÒD YON ANE epi yo ka renouvle li si sa nesèsè. Mwen dwe rapòte nenpòt chanjman nan sikonstans yo ba ajans distribisyon an imedyatman.

SEKSYON SA A PA OBLIGATWA: Mwen otorize _____ pou al chèche manje USDA sou non mwen.

Daprè lwa federal pou dwa sivil epi dapre règ ak règleman Depatman Agrikilti Etazini [U.S. Department of Agriculture (USDA)] konsènan dwa sivil, USDA, Ajans li yo, biwo li yo, ak anplwaye li yo, ansanm ak entitasyon k ap patisipe oswa jere pwogram USDA yo gen entèdiksyon pou fè diskriminasyon kont yon moun akòz ras li, koulè li, peyi kote li soti, si li se fanm oswa gason, si li andikape, laj li, oswa fè vanjans oswa atake li pou aktivite dwa sivil anvan nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap dirije oswa finanse.

Moun andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (tankou ekriti Bray, dokiman ki gen gwo lèt, kasèt, Langaj Siy Ameriken, elatriye) ta dwe kontakte ajans lan (swa nan nivo Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki tande di oswa ki bèbè kapab kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal la nan nimewo (800) 877-8339. Answit, yo ka mete enfòmasyon sou pwogram disponib nan lang ki pa Anglè.

Pou pote yon plent pou diskriminasyon, ranpli [Fòm Plent Diskriminasyon Nan Pwogram USDA](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html) a (AD-3027), w ap jwenn sou entènèt sou sitwèb: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt pou voye ba USDA a, epitou nan lèt la bay tout enfòmasyon nou mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm pou pote plent lan, rele nimewo (866) 632-9992. Remèt fòm ou ranpli a oswa lèt la ba USDA:

- (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) nan faks: (202) 690-7442; ou
- (3) nan imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a bay menm posiblite pou tout moun.

Record of TEFAP Food Issued

Last Name: _____ First Name: _____
 # of Day's Food Supply _____ Year: _____

July	Signature	August	Signature	September	Signature

October	Signature	November	Signature	December	Signature

January	Signature	February	Signature	March	Signature

April	Signature	May	Signature	June	Signature

Don't forget to record total number of people served each month!